



PEMERINTAH DAERAH KOTA CIMAHI
DINAS PENDIDIKAN
SD NEGERI CIBEBER MANDIRI 2
PENILAIAN AKHIR SEMESTER (PAS) I T.P. 2020/2021



HARI/TANGGAL	:	NAMA	:
MATA PELAJARAN	:	BAHASA SUNDA	KELAS :VI

Pek baca teks di handap ieu tuluy eusian soalna!

Globalisasi

Istilah globalisasi mimitina dipopulerkeun ku Theodore Levitt dina taun 1983. Dina mangsa harita, Theodore nulis artikel bisnis anu judulna “Globalisasi Pasar”. Theodore teh ahli ekonomi bangsa Amerika turunan Jerman.

Globalisasi teh hal anu abstrak. Abstrak hartina teu bisa katingali wujudna, teu bisa kapireng sorana, tapi pangaruh jeung akibatna bisa karasa. Globalisasi bisa dihartikeun proses ngaronjatna hubungan internasional antarnagara di sakuliah dunya. Ku ayana globalisasi sumebarna barang jeung gagasan beuki gampang. Globalisasi ngalantarankeun hiji nagara bakal silih pikabutuh ku ayana globalisasi. Dina globalisasi, budaya antarnagara silih pangaruhan. Sakumna aspek kahirupan kapangaruhan ku ayana globalisasi.

1. Istilah *globalisasi* mimitina dipopulerkeun ku
2. Theodore Levitt nulis artikel bisnis anu judulna
3. *Globalisasi* teh hal anu
4. Ku ayana globalisasi, barang jeung gagasan beuki
5. Dina globalisasi, budaya antarnagara silih

Cakra dina jawaban anu bener!

6. Ku naon Ardi teu sakola?
Kalimah di luhur kaasup kalimah
A. Parentah B. Pananya C. Panyeluk D. Wawaran
7. Di handap ieu nu kaasup kecap pananya nyaeta
A. Tah eta B. Ku naon C. Pek D. Sampurasun
8. Kecap pananya nu gunana pikeun nanyakeun jalma nyaeta
A. Naon B. Saha C. Sabaraha D. Ti mana
9. Anggota Pramuka ngalaksanakeun persami.
Kalimah pasif nu bener tina kalimah di luhur nyaeta
A. Persami dilaksanakeun ku anggota Pramuka
B. Pramuka dilaksanakeun ku anggota persami
C. Persmai ku anggota Pramuka dilaksanakeun
D. Anggota Pramuka dilaksanakeun persami
10. Karangan basa Sunda ditulis ku para siswa
Kalimah aktif nu bener tina kalimah di luhur nyaeta
A. Para siswa ngarang ditulis karangan
B. Basa Sunda ditulis ku siswa
C. Karangan ditulis para siswa
D. Para siswa nulis karangan basa Sunda
11. bade- ka- atuh- mana- arangkat
Susunan kecap nu bener nyaeta
A. Bade arangkat ka mana atuh?
B. Arangkat bade ka mana atuh?
C. Arangkat ka mana atuh bade?
D. Ka mana atuh bade arangkat?
12. Pakeman basa anu ungkarana jeung hartina geus matok disebut
A. Babasan B. Wawaran C. Paribasa D. Warta

13. Jalma nu hade budi, teu weleh seuri ka batur disebutna
 A. Atah anjang B. Amis daging C. Amis budi D. Beurat birit
14. Usro mah . . . meni hese dititah teh.
 Babasan nu luyu pikeun ngalengkepan kalimah di luhur nyaeta
 A. Gede hulu B. Beurat birit C. Gurat batu D. Epes meer
15. Rarayna geuneuk diteunggeul ku adina. Pantès weh da adina mah
 A. Hampang leungeun C. Gede hulu
 B. Hampang birit D. Kurung batok
16. Sistim alat- alat elektronik dina kapal terbang disebut . . .
 A. Globalisasi B. Avionik C. Avtur D. Helikopter
17. Surelek nyaeta
 A. Surat elektronik (email) C. Dahareun
 B. Handphone D. Alat elektronik
18. Sasaruuan tina kecap ayeuna, nyaeta
 A. Kiwari B. Pagetp C. Isuk D. Heuleutna
- 19.



- Gambar di gigir mangrupa alat nu gunana pikeun
 A. Nyangu B. Nyayur C. Naheur cai D. Nyeiun es

20. Nu kaasup babagean dina biantara nyaeta
 A. Informasi B. Warta C. Amanat D. Sampiran
21. Gaganti kolot urang di sakola teh nyaeta
 A. Ketua murid B. Guru C. Panjaga sakola D. Babaturan sakola
22. Cing atuh jeung dulur teh sing akur ulah kawas
 A. Monyet jeung kuya C. Peucang jeung buhaya
 B. Ucing jeung anjing D. Sendok jeung garpu
23. Beja nu katarima tina koran, radio atawa televisi disebutna
 A. Informasi B. Warta C. Amanat D. Piwuruk
24. Kuring teh . . . amanat ku Ema keur ka Kisyah.
 A. Katitipan B. Katitipkeun C. Titipan D. Titipkeun
25. Dupi Edo teh (terap) panyawat naon?
 A. di B. ka C. ti D. na